

Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой»

Орден «За заслуги перед Уммой» - 1 степени

ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

WWW.ZORI-ISLAMA.COM | ZORI_ISLAMA | ZORI_ISLAMA | ZORI_ISLAMA | ZORIISLAMA95

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года
Первая религиозно-просветительская газета в СССР

2019-чу шеран 25-гІа апрель
25 апрель 2019 года №8 (432)

НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕНЦА ДОЬЗНА

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан декъалдар

Ларраме махкахой!

Даггара декъалдо шу Нохчийн меттан денца! Шен ненан мотт цабезачунна, цуьнца ховха юкъаметтиг йоцучунна, иза Іалашбеш воцучунна шен Даймохк безийла дац. Дуьненахь уггаре а хьалдолуш а, хаза а, исбаьхьа а бу нохчийн мотт. Оцу маттехь дерриге а ду – нохчийн къоман башхалла, истори, культура, гІиллакх-оьздангалла, Іадаташ, ламасташ.

ХІора а шарахь оханан (апрель) беттан 25-чу дийнахь вай Нохчийн меттан де даздо 12 шо кхаьчна. Оцу дезачу дийно къаьсттина сий-лараме меттиг дІалаьцна вайн къоман дезденойн рузманехь. Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента, Россин Турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас дІадолийнера вайн махкахь ненан мотт кхиоран гІуллакх. Цуьнан даима а шатайпа юкъаметтиг яра нохчийн мотт а, йоза а Іалашдарца, кхиорца. Шена тІехдика масех мотт хуъушехь, ненан маттаца къаьсттина ларам бара цуьнан. Иза коьрта а лорура цо. Цундела ас даима а дозалла а дора цунах, воккха а вера со. Республикина уггаре а хала яьхкинчу хенашкахь Ахьмад-Хьаьжас нохчийн мотт бовзийтарехь, кхиорехь, баржорехь, цуьнга марзо кхолларехь къахьоьгуш



болчу Іилманчашна а, яздархошна а, журналисташна а гІо-накъосталла деш хилла хиларна теш хилла ву со. Цо гІо дора нохчийн маттахь газеташ, журналаш, книгаш, телепередачаш, радиопрограмаш арахеца. Тахана вай кхидІа а дІахьош ду цо долийна гІуллакх.

ХІора шарахь республикехь дІахьо нохчийн мотт Іалашбарна, кхиорна лерина йолу бІеннаш конкурсаш, конференцеш, фестивалаш, форумаш. ХІунда аьлча, нохчийн мотт вайн халкъан коьрта билгало ю, вайн къоман башхаллин, шатайпаналлин бух бу. ХІора а нохчичун сийлахь декхар хета суна шен мотт ларбар, Іалашбар, кхиор, шен къоман истори, культура евзашезаш хилар. Вайн дозалла дан йиш ю: мел хала киртиг тІехІоьттича а, мел самукъане мур беача а – массо а хенахь нохчийн маттана тешаме хилла дисина вай, цо вайна даима а гІо а дина.

ХІокху дезачу дийнахь вай дІагойту нохчийн матте болу вайн безам, дагалоьцу вайн орамаш, баркаллаш боху нохчийн маттахь деша а, яздан а Іамийна болчу вайн хьехархошна.

Вайн декхар ду ненан маттаца йовха а, ховха а юкъаметтиг хилийтар, иза Іалашбар, марзбар, баржор, бовзийтар. Вайн культурин бух бу иза. Цундела вайна тІехь дерг доккха жоьпалла ду. Ненан матте безам дойзалехь кхолла безаш бу, тІаккха иза дІабер бац.

Лараме махкахой! Кхин цкъа а даггара декъалдо шу Нохчийн меттан денца! Лаьа шу ирсе хуьлийла, шун могашалла, аьтто хуьлийла, ненан матте бокха безам шун хуьлийла!

Ларбелаш нохчийн мотт!

НЕНАН МЕТТАН ДЕННА ПЕРИНА

МоттдІабаьлча–къамдІадолу

Нохчийн мотт – ненан мотт аьлла цІе тоьхна бу вайн халкъо, ткъа ненан маттал хьоме, мерза, кІеда хІун ду кху дуьненчохь? Шен мерзачу Іаьнарца йовхо луш, аьхначу куьйгашца хьоьстуш, нанас Іамабо берана шен оьзда мотт, дайн оьзда гІиллакхаш. Дуьххьара дош ала Іамош ерг а, хьалхара гІулч яккха, дуьххьара шен ховхачу куьйгашца вайн куьг схьалоцург а нана ю. Ненах доьзна дІадолало адаман дерриге а дахар. Буьйсанна наб йоцуш, дийнахь тем боцуш, вай даларна а, цамгаро лацарна а кхоьруш, шен гІийлачу узамца аганан иллица дІадижадо нанас бер. Нанас, бераллехь вай хьоьстуш, муьлххачунна а хийлазза а олуш ма хезна: «Дижалахь, нанниг, мерзачу набарца, гІатталахь, жиманиг, кІоргерчу хьекьалца, мерза наб кхетийла жимачу кІорнина. Маьрша хьо гІоттийла, сан деган марзо», вай мерзачу набарна товжош, нанас олу аганан илли, дог хьоьстуш, Іехош дека. Ненан а, беран а марзо йоккха ю дуьненчохь массо а хІуманал.

АллахІ-Дала тамашийна кхоьллина дахар. Баккхийчу тамашех цхьаъ адаман мотт бу. Эзарнашкахь къаьмнаш ду дуьненчохь. Матто дІасадоькъу адам къаьмнашка. Дала боху Къуръана чохь: «ХІай нах! Баккъал а, Оха шу кхоьллина стагах а, зудчух а; шу халкъашка а, тайпанашка а декъна, вовшашна довзийтархьама». Дуьненахь дехачу хІора халкъана шен мотт белла Дала. Вай нохчий ду. Веза Сийлахьчу АллахІ-Дала кхоьллина вай нохчий. Цо делла вайна нохчийн сибат, нохчийн амал, нохчийн гІиллакхаш, ламасташ. Цо белла вайна нохчийн мотт! Ша винчу, хІара дерриг а Дуьне шена совгІатана деллачу, шен цхьаъ бен йоццчу, кхин хила йиш йоццчу шен НЕНАН МОТТ – хІун хир ду цул деза, цул сийлахь, цул хьоме?

Шен ненан мотт цахуу стаг, даима юьхь-Іаьржа хир ву, шен халкъана хьалха хилла ца Іаш, кхечу къаьмнашна хьалха а, хІунда аьлча, цунна евзар яц къоман син кІоргенаш, бевзар бац цо луш болчу кхачанан чам. Цунна хуур дац цо мабохху ойла ян а, ма-хьеххара ваха а. Муьлхха а стаг цу хьолехь хилар – яхь цахилар, ледара хилар ду. Ишшта ца хила, йохье а дуьйлуш, Іамо беза вайн дайша ларбеш, цІена латтийна вешан ненан мотт. «Иза вовшех кхеттал бийца хиьча а тоьар дара», бахар, и стаг шен къомах цавашар ду. Иза хиндерг доцуш ву. Цу дакъазаллах Дала лардойла вай! Мттаца хьаьрчина ду хІора къоман гІиллакх, оьздангалла. Шен мотт цабийцар а, цуьнга бендоцуш хьежар а, шен къоман гІиллакхаш дицдар а, Делан лаамна реза цахилар санна ду. Мотт дІабаьлча, гІиллакх дІадолу, и ший а дІадаьлча, къам дІадолу. Шен мотт Іалашбеш, и ларбеш, къам схьадогІуш делахь, и къам хилла дехар ду. Мотт – халкъ латтош болу, цу халкъан синпха бу.

Ненан мотт бохург доккха хІума ду. Нохчийн халкъан кица ду: «Мотт бу – къам ду, мотт бац – къам дац». Оцу дешнаша кхачош ду дерриге а. Делахь а, цунах ца кхеташ, кхетам боцучаьргара вайна хезна-кх: «Нохчийн мотт къен бу, гІийла бу», – олуш. Иза бакъ дац. Вайн мотт хьал долуш хиларх, цуьнан исбаьхьаллех цецбийлина дуьненахь а гоьбевлла оьрсийн яздархой, Іилманчаш. Иштта, дуьненна а вевзачу оьрсийн воккхачу яздархочо Л.Н. Толстойс яздина: «Нохчийн мотт уггаре хазачу а, хьал долчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика и хууш хьо велахь». Ма-дарра аьлча, цунна гІело йинарш вай ваьш ду, цуьнан хам цабарна а, иза ларба цахаарна а. ХІунда аьлча, цхьаболчара цхьа дош нохчийн маттахь, кхо дош оьрсийн маттахь олуш къамелаш деш хезна вайна. Ненан маттахь вай къамел оцу меттан хазалла, цуьнан цІеналла, цуьнан исбаьхьалла, цуьнан куц-кеп ларъеш дан деза. Вешан мотт хуьлийла лаахь, вай вешан ненан маттахь дан деза къамел. Ненан мотт хаар, Іалашбар вайн массеран а дехар ду. Ненан мотт кхечу меттанашца иэбина бийцар, йоккха сакхталла ю. Стега шен да а, нана а ларахь, цара буьйцуш болчу меттан сий а дан деза.

Цхьаболу нах бу, шайн берана оьрсийн я ингалсан мотт хиьчахьана, церан цу тІехь кхиам хилчахьана, шайн дехар кхочуш хуьлу, шаьш шайн доьзал ирсе бо моьттуш. И бакъ дац. Ненан мотт хІора къоман а, хІора халкъан а, культуран бух бу. Массо къомо шен маттахь, Іадатехь кхоьллина культура.

Суна чІогІа маьІнен хета хІара дешнаш:

Ма гІолаш, ма хьолаш
ненан мотт шайца,
И бийца йиш йоцуш
бовр болчу метте.
Ма гІолаш, ма хьолаш
ненан мотт шайца,
И бийца стаг воцуш
лийр болчу метте.

Вайн дахарехь ненан мотт тайп-тайпанчу хьелашкахь схьабеана таханлерчу дийне, хийламма оьшу, ца оьшу, беза, ца беза, бохуш, амма, бакъду, шайн дегнаш нохчаллах дуьзна а, нохчийн цІий шайн пхенашкахула лелаш а болчара таханлераниг санна долчу дийне дукха сатийсина. Вайн халкъо оцу дийне сатийсар хууш, ша бакъволу нохчи хилар тІечІагІдеш, вайн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана шен указаца тІечІагІдина 25-гІа апрель Нохчийн меттан Дезде хилар. Дела реза хуьлда цунна!

02 →

Хоси-Юьртахь машаран а, кхиаран а де даздар

І6-чу апрелехь Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цІарахчу Хоси-Юьртарчу юккъарадешаран ишколехь дІадаьхьира Машаран а, кхиаран а Де даздар. Цигахь дакъалоцуш бара юьртара къаной, интеллигенцин векалш, ишколера хьехархой, бераш. Гулбеллачийн яххьаш самукъане яра, карахь тайп-тайпана лозунгаш, НР-н хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин, НР-н Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзан-Хьаьжин сурташ дара.

Оцу даздаршкахь СКФО-н Іеламнехан кхеташонан куьйгалхочо, вевзаш волчу Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас дина къемел:

«БисмиллахІиррохьманиррохьим! Ассаламу Іалайкум ва рахьматуллахІ таІала вабаракату!

Юьртахой! Махкахой! Оцу шун карахь, аш айина йолчу байракхаш тІехь, трафареташ тІехь, лозунгаш тІехь гуш ду: «День мира и созидания» аьлла йоза. Вайн матте даьккхича, со тІекхуьуш долу маьІна иштта ду цуьнан: «Машаран а, керла дахар хІотторан а де». Дан а ду иза иштта.

Хьовсал шу, І0 шо хьалха КТО-н раж Нохчийн Республикехь дІаели аьлла, Россин Федеральни органаша сацам бина. Вайн махкахь и хьал хІоттар бахьана долуш, вайн чохь, муьлхха а лаца а лаьцна, дІа а вигина, чувуллуш хиллачу цхьана нехан некъ хадийна вай, цкъа делахь. ШолгІа делахь, Россин куьйгаллехь мел волчо а, Президента а, Премьер-министра а, федеральни министраша а, Россин ерриге а регионийн куьйгалхоша а, кхечу массо а регионашлахь уггаре кхераме йоцуш регион ю Нохчийчоь, аьлла дІакхайкхина вайн республика. Мел хаза ду вайна цара иштта цІе вайн якккхар!

Тахана вайн декхар хІун ду? Оцуьнан хама бан вешан доьзалашна хаийтар ду. Доьзал бохург хІун ду аьлча, пачхьалкхан юкъараллин цхьа дакъа ду и, нагахь оцу пачхьалкхехь иштта мел долу дакъа дика, кхиа ма деззара кхиахь, цунах пачхьалкх хир ю. Доьзалехь кхиар низам долуш ца хилча, цунах пачхьалкх хир яц. Цхьа олхазар хуьлу-кх шен корта гІамарла а буллий, кхерамах ша даьлла моьттуш, и санна вай вешан чохь дерриге а дика ду бохуш Іерах, арахьара тІехьоьжучу къаьмнашна вайн хьал гур ду. Вайна вешан чуьра хьал ган деза, тхо ИГИЛ-ца ду олий цхьана керта тІе тоьхна йоза карадо вайна, кхин доьхнарг дийриг а караво вайна. Вайн бу уьш, вайн бераш ма ду уьш. Хьенан бу бехк? Вайн вешан бехк бу-кх, уггар хьалха сан а, соьга ладоьгІуш долчу шун а! ХІунда? Вайн нийсаниг царна дІа ца дйицина. Вайн нийсаниг дІадуьйцуш делахьара, дика мел доцург вай чохь хьехийча, дерриге а дика дац моьттуш кхуьу и бераш, церан ойла акха хьаьвза.

Селханлера вон хьал гучудоккхуш, юха таханалера пергІатонан хьал гучудоккхуш. И шиъ тІеттІа а хьош, терза узуш санна и диканиг толош, цуьнгара долуш долу ниІмат берашна дуьйцуш, уьш кхиор вайн дехар ду. Оцу кепара вайга и болх байтар Іалашо йолуш ду тахана вайн гулдалар. Цундела, воккхаверца тІеэцна ас хІоккхуза схьа а веана, шуьга хІара къамел дар.

Дела реза хуьлийла хІокху пергІатоне вай кхачош шайн синош дІаделла болчу гІазотхошна а, Дела реза хуьлийла хІара

пергІато Іалаш еш болчарна а! Дала шу Іалаш дойла, хІара пергІато дІакхоьхьуш долу! Вайн дехар ду, вай дІаделларг доьзало дІаоьцур дуй а хууш, и доьзалш нийсачу новкъахь кхиор. ХІунда? Вайн кхане цаьргахь йолу дела.

Вай уьш нийсачу новкъахь ца кхиош, шайна ма тов, уьш хецца, тесна битахь, тхан хенарачара а, баккхийчара а цІийца яькккхина хІара пергІато вайгара дІаер ю, хІара ларъян езаш ю. Вай ларъеш, дІа а елла, вайн къоначу тІаьхьене схьаэцийта езаш ю. Цундела, ас баркаллица, сайн къамел чекхдоккхуш дІадовзуьйту шуна хІара де доккха де хилар.

Вайн къам геннара бух болуш, истори йолуш къам ду. Оцу вайн къомах волчу муьлххачо а маршалла хоттуш, ши стаг дуьхь-духьал кхетча, уггар хьалха могаш-маьрша дуй шу, олуш хезна шуна массарна а. Хьовсал оцу шина дешан маьІне: могашаллин хьал хуур дац, цамгарца ца хилча, маршонан хьал хуур дац сингаттам ца хилча, цхьана гаттоно ца хьовзийча. Гаттоно хьийзийна вай, хІинца маьрша ду вай, цамгарша хьийзийна вай, хІинца могаш ду вай.

АлхьамдулиллахІ, иштта оцу белхан хама беш, и дуста а дустуш, и къоначу тІаьхьенна дІадовзийтар вайн декхар ду. Тахана итт шо кхечи вай зайл болла ца оьшуш, гІораш дохка ца оьшуш, чу а дахана дІадийша йиш йолуш, чу лелхаш салтий а боцуш.

Бусалба пачхьалкх йо шаьш бохуш, арабевлла лелаш болу, динах цхьа а хІума шайгахь дан а доцуш, багахь буьйцу мотт бен боцуш болчу нахе вай Іехадайта ца деза. ХІокху сохьта а Европе, уггар дин доццчу пачхьалкхашка охьа а хевшина, вайна чу зулам туьйсуш Іаш бу уьш. Ойла ел шайна, шу дерриге а хІокху юьртара нах ду, буьйсанна долу ши ламаз – Іуьра а, пхьуьйра а, доккхачу маьждиге ваха гІерташ ву со къанвеллашехь, шу догІур дацара те оцу чу, бохуш, шу меттах хьедан, 20 стаг ца вогІу шу оцу чу. Шу хьанна ян дохку бусалба пачхьалкх? Бусалба пачхьалкх хІора къонахчо хьалха шегахь ян еза, шен даг чохь, тІаккха шен доьзалехь ян еза, тІаккха ара вала веза.

Таханачул бусалба дин лелон бакъо йолуш, тхан цергахь, тхуна гина дац, я хилла ду, хир ду аьлла хезна а дац. Массо а меттехь рузбанан маьждигаш хилча, жамаІатан маьждигаш хилча, деша луучарна хьуьжарш хилча, дагахь Къуръан Іамош хьуьжарш хилча, Макка боьду некъ марша баьлча, Байтал-мукъаддисе ваха некъ маьрша хилча, массо а агІо тахана йолуш хилча, хІара пачхьалкх дІа а яькккхина, вай кхин хІун пачхьалкх кхуллур яра? И хабарш дуьйцуш берш, беккъа цхьа хабарчаш бу шуна, царах ма Іехалойла цхьа а! Долчу хьоле, бІаьргаш а беллий, дІасахьовса, хІоранна а, шен юьртахь, ша вехаш волчу урамехь гур ду шуна хІара хьал.

Вассаламу Іалайкум варахьматуллахІи вабаракату!».

«Терек» СОБР-н лерринчу декъан говзалла караерзо Іаморан туьшан пресс-служба

НЕНАН МЕТТАН ДЕННА ПЕРИНА

Мотт дIабаьлча – къам дIадолу

← 01

Иштта, Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжас а, шен нохчийн матте болу безам гойтуш, цуьнан сий-ларам беш аьлла:«Нохчийн къам дийна хиларан мокхаза чIагIо ю вайн нохчийн мотт».

Вешан дай санна, нохчий хилла диса дезаш ду вай. Вайн наноша уьншерийн оьмарера таханлерчу дийне кхаччалц кхиийна къонахий. Ткъа и къонахий кхиоран рагI вайна тIекхаьчна. И къонахий кхио беза аганан илли нохчийн маттахь олуш, туьйра нанас шен аьхначу маттахь дуьйцуш. Аганара гIаьттича кIантана бакъболчу къонахийн собар, яхь, доьналла, хьуьнарш довзуьйтуш, царех дозалла дан, масал эца, цаьрга нисвала Iамош. Дас халонаш лан, осалниг емалдан, гIийлачун гIо лаца, Даймахкана пайдехь хила кечван веза шен воI. Иштта, вайн оьздачу нанойн масалш тIехь кхио беза мехкарий а. Ненан ховхачу маттаца и дан вайн таро а ю. Муьлххачу къоман коьрта билгало а, къам шен амалх, гIиллакхех, эхь-бехках, Iадатех ца духуьйту чIагIо ю мотт. Цунах херделла адам, шен халкъан сийлаллех хер ца луш ца дуьсу. Ткъа мотт бицбинчо шен кхерч, ша схьаваьлла бух, Даймохк бицбо.

Стаг мел воккха Iилманча, говзанча хиларх, муьлххачу даржехь хиларх нагахь санна иза Нохчийчохь кхиъна а, вехаш а вацахь, нохчийн мотт хууш а, безаш а вацахь, Нохчийчохь цо, хьацар дIа а хьоькхуш, тIекIел биллина тIулг а бацахъ, доьгIна цIа, я кхиийна дитт а дацахь пайда бац. Мел воккха турпалхо хиларх а, цунах дан хIума дац, цуьнан цIийх боьлла нохчийн мотт бацахь, цунна шен халкъан истори ца хаахь, шен къомах дог ца лазахь – иза шен халкъана, махкана пайдехь вац. Лакхахь аьлларг тIечIагIдеш суна дало луур дара Сулейманов Ахьмадан хIара дешнаш:

«Кхо хIума ду дуьненчохь даима а цхьаьна хила дезаш, вовшех даьхча кхуьй а леш: Даймохккий, ненан моттий, халккъий».

Даймахкахь, шен халкъаца, буьйцуш ненан мотт боцуш верг дуьненахь сий-ларам болуш вехар вац. Цунах кхета деза вай.

Кавказан тIом дIабаьллачу хенахь Хункармахка а, цигара дIа Iаьрбийн мехкашка а дIабахана нах, шаьш бусалба пачхьалкхе кхачар бахьанехь, цхьана-шина чкъуро нохчийн мотт ларбина, амма таханлера церан тIаьхьенех наггахь верг воцург, нохчийн мотт хууш вац. Бакъду Иорданехь бехаш болчу вайнаха ларбина ненан мотт. Тахана Европехула, Iамаркехула дIабахана болчу нехан ойла йича, цхьа-ши чкъор хийцаделлачул тIаьхьа, керста пачхьалкхашкахь-м муххале а, церан гIиллакхашка а бирзина, церан культуре а бирзина, уьш дIабарна боккха кхерам бу.

Муьлхха а мотт дахарца цхьаьна кхиа безаш бу. Шен кхиарехь сецна мотт юкъара дIа ца бала йиш яц.

Вайн цхьаболчу нехан Iедал ду, ша юкъахь вехаш волчу халкъан мотт хиъчахьана, берана атта хир ду, бохуш, чохь а нохчийн мотт ца буьйцуш. Оьрсийн, немцойн, ингалсхойн, кхечу халкъийн меттанаш мел шера хаарх, со нохчи ву бахарх, нохчи хуьлуш вац, нагахь санна нохчийн мотт хууш вацахь, нохчийн гIиллакх лелош вацахь. Хьо муьлхачу къомах ву бохург къасточохь, уггаре коьртачех цхьаъ – мотт бу. Дерриге цуьнца доьзна ду.

Сулейманов Ахьмада ма-аллара:
«Бийца мохккий, моттий бацахь,
Адамех ца олу-кх къам».

Лорсанукаев Увайс

ФАРЗАШ А, СУННАТАШ А

Къинойх цIанвеш, ялсамане ваха хьакъвеш йолу Iамалш

БисмиллахIиррохьманиррохьийм

Iабдул-Къадир Аль-Арнаут

(ТIаьхье. Юьхь еша № 7.2019 ш.)

Дала хьарам дина, Iамал йохош долу моттаргIанаш лелор – иза дуьненан пайда лоьхуш Iамалъяр ду, ша Iамал яле хьалха а, ечу хенахь а, цул тIаьхьа а даг чохь дуьненан пайдане сатуьйсуш волуш. Иза масийтта декъехь ду:

1. Нахана хьалха волчу хенахь шен Iамал лерина яр ду, цаьрга ша хаставайтархьама, Делах кхоьруш дика стаг ву аьлла, шен цIе якххийтархьама.

2. Нахана хьалха Iамал ечу хенахь, каде хьийзар, амма ша цхьаъ волчу меттехь мало еш хилар, иза хьалхарчу декъехь долчул сийсаз ду.

3. Ша Далла Iамал яран куц хIоттош хьарам дерг кхочушдан гIертар, масала: нахана гуччохь лерина Iамалъяр, цаьргара шена пайда хилийтархьама, цаьрга шен сий дайтархьама. ХIара массарел ирча дерг ду.

4. Нахана ша вуон я сийсаз стаг хетарна кхоьруш шен Iамал лерина яр ду, дуьненан пайда шена хиларе сатийсар доцуш. ХIара хьалхарчарел дай ду.

ХIара вай дагардинарш дерриг а моттаргIанаш лелор ду, цунах кIезиг дерг а Делаца накъост вар лоруш ду, амма цуьнан шен дакъош ду. МоттаргIанаш лелор шеца ийна йолу Iамал ял йоцуш ю, цуьнан хьокъехь даьхкина дуккха а хьадисаш ду.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «Со массарал чIогIа накъост ца оьшург Ву. Ша Iамал йина волу стаг, цуьнгахь Соьца накъост лоцуш (Со воцчунна иза гайта а, хазийта а лууш), Ас Iадвуьтур ву иза (ял ца луш), цо динарг цо шен дуьхьа диначунна ду». (Ибн МажахIа дийцина хьадис).

Абу Фадолатан кIанта СаIда (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Ша догIург хиларна цхьа а шеко йоцчу Къематдийнахь АллахIа нах гулбича, кхойкхуш верг кхойкхур ву: «Ша АллахIана Iамал ярехь Цуьнца накъост лаьцнарг милла велахь, цо ша йинчу Iамалан ял лохийла АллахI воцчуьнгара, баккъал а, АллахI массарал чIогIа накъост ца оьшург Ву». (Тирмизис, ибн МажахIа дийцина хьадис).

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Баккъал а, АллахI, шун догIмашка а, шун куьцашка а хьоьжуш вац, амма, бакъду, Иза хьоьжуш ву шун дегнашка а, шун Iамалшка а». (Муслима дийцина хьадис).

БУСАЛБА НАХЕРА БАЛА ДIААЙБАР, КЪИНОЙХ ЦIАНВЕЧУ IАМАЛЕХ ДУ

Веза-Сийлахьчу Дала Шен Сийлахьчу Къуръана чохь Аюб-пайхамарх (Делера салам хуьлда цунна) лаьцна аьлла: «Аюб а хьахаве ахь, шен Деле кхайкхина волу: «Баккъал а, со балано лаьцна, ткъа Хьо къинхетам бечарах уггар Къинхетаме верг ма ву». Оха цуьнан доIина жоп делира, цуьнгара бала а дIабаьккхира. Оха цунна цуьнан доьзал юхабелира, цаьрца цхьаьна кхин оццул а, – Тхайна гергара къинхетам бархьама а, Iибадат дечарна хьехам хилийтархьама а». «Аль-Анбияъ», 83-84.

Веза-Сийлахьчу Дала Шен сийлахьчу Къуръана чохь Юнус-пайхамарх (Делера салам хуьлда цунна) лаьцна аьлла: «Оха цунна жоп делира, бале и хьалха а ваьккхира, иштта кIелхьарбоху Оха ийман диллинарш». «Аль-Анбияъ», 87-88.

Абу Къатадата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «АллахIа къематдийнан халонех ша хьалхавитича самукъадер долчо, аьтто боццунна шен декхар тIаьхьатоттийла я цо цунна (декхар) гечдойла». (Абу Дауда дийцина хьадис).

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Аьтто боццунна аьттоне хьаьжнарг я цунна иза (декхар) гечдинарг, АллахIа Ша хIоттийнарг бен кхин Iиндагl доццу къематдийнахь Шен Iаршан Iиндагlе хIоттор ву иза». (Тирмизис дийцина хьадис).

ДЕЛАХ КХЕРАР КЪИНОЙХ ЦIАНВЕЧУ БАХЬАНЕХ ДУ

Веза-Сийлахьчу Дала аьлла: «ХIай ийман диллина нах, шу Делах кхоьруш хилахь, Цо кхетам лур бу шуна (бакъдерг, харцдерг къасто), къинойх цIан а дийр ду шу, шуна гечдийр а ду Цо, и АллахI йоккхачу комаршонан да Ву». «Аль-Анфал», 29.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), дукхахдолчу хьолехь нах ялсамани чу бохуьйтур болчу хIуманах лаьцна хаьттира, аьлла. Цо жоп делира: «АллахIах кхерар а, хаза гIиллакх а ду». (Тирмизис дийцина хьадис).

Абу Зарра (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Хьуо стенггахь велахь а, АллахIах кхералахь, вуонна тIаьххье диканиг делахь, цо и (вониг) дIадоккхур ду, нахаца хазчу гIиллакхехь хилалахь». (Тирмизис дийцина хьадис).

Веза-Сийлахьчу Дала вайна хьекъал лойла, къинойх лардала, цахууш вайгара дийлинчу къиношна дохкодовла а, тоба а дина, Деле дерза а.

Зорбане кечйина Алиев Ахьмада

ЭВПАЯЙИН ВИРДАШ

Iовдин Iелин вирд

(Дала къайле цIинйойла цуьнан)

ХЬАЛХАРА ВАЖИБ ВИРД

ХIора ламазана тIаьхьа пхоьазза «астагIфируллахI» эр ду, 100-зза «Ла илахIа иллаллаахIу» эр ду, пхоьазза Пайхамарна салават дуьллур ду.

Мел иштта кхайкхор бу:

«АIузу биллахIиминаш-шайтIаанирражийм. БисмиллаахIир-РахьмаанирРахьиими. Айса хIинцца ла иллаахIа иллаллаахIу бохуш динчу цхьана бIе (100) зикран мел хьалха хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, Делан Элчанна тIера дуьйна схьа сайн Устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлаяашна бели ас.

Веза-Воккха Дела, соьгара совгIат дай, эшна мел меттахIоттабай, меттахIоьттинарг къобалбай, диканехь-мулкехь совбаккхий, и мел цаьрга дIакхачабе Ахь. Хьайгара къинхетам, Элчанера шапаIат, Устазера беркат, шовкъ-марзо, хьал-пайда-асар соьга а, соьгахула со хьаштдолчаьрга а кхачаде Ахь.

АллаахIумма солли Iала Мухьаммадив ва Iала али Мухьаммадив-ва саллим. Бихьурмати сирри суратилфаатихьа (аьлла, Фатихьат доьшур ду)».

Массо а вирда тIаьхьа догIуш ду, юх-юха яздина цахиларх. Муьлххачу а вирда тIехь, мел кхайкхош, бисмилла ала деза.

ШОЛГIА ВАЖИБ ВИРД

ХIора Iуьйра ламазана тIаьхьа 100 салават дуьллур ду (дуьненчу малх кхетале). Кхин вирд даькккича, малх кхетар белахь, хIара хьалха даккха, кхуьнан мел кхайкхор бац. 100 къулхIа доьшур ду, цкъацкъа ши къул аIузу доьшур ду (къулхIа доьшуш а, къул аIазу доьшуш а бисмилла эр ду).

Мел иштта кхайкхор бу:

«Айса бIозза дешначу къулхIанийн мел, цкъацкъа дешначу шина къулаIузийн мел, Делан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), сайн Устазана бели ас. Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна схьа сайн Устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлаяашна бели ас, Элчанан асхьабашна Абубакар-Сиддикъана, Iелина, Iумарна, Iусманна бели ас – разийаллахI IанхIум, Дела реза хуьлда царна.

Веза-Воккха Дела, соьгара совгIат дай... (хьалхарчу вирдехь санна чекхвер ву).

Важиб долу вирд чекхдели. ХIинца бархI вирд ду, суннат долуш.

1-РА СУННАТ ВИРД

Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе, я цхьаьна пхи бIе ла илаахIа иллаллаахIу боху зикар дийр ду. ХIора бIенна хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза АллаахIумма солли Iалаа Мухьаммадивва Iалаа аали Мухьаммадив-ва-саллим эр ду. (Пхи бIе цхьаьна доккхуш велахь – 15 астагIфируллахI, 15 салават). Мел иштта кхайкхор бу:

«Айса хIинцца ла илахIа иллаллахIу бохуш дешначу 100 (я 500) зикран мел Адам-Пайхамарна бели ас (Делера салам хуьлда цунна), Мухьаммад-Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), сайн Устазана бели ас. Адам-Пайхамарна тIера дуьйна Мухьаммад-Пайхамарна тIекхаччалц Дала шайна Элчаналла делла бахкийтинчу пайхамаршна бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн Устазана тIекхаччалц Дала бахкийтинчу эвлаяашна бели ас.

Веза-Воккха Дела соьгара совгIат дай и мел …(хьалхарчу вирдехь санна чекхвер ву). .

2-ГIА СУННАТ ВИРД

Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе ла илаахIа иллалаахIу бохуш долу зикар дийр ду, хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза Пайхамарна салават дуьллур ду. Я цхьаьна гулдина 500 ла илаахIа иллаллаахIу боху зикар дийр ду. Мел иштта кхайкхор бу:

«Айса хIинцца ла илахIа иллаллахIу бохуш дешначу 100 (я 500) зикран мел, Везан Дела, Хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, сайн денийнанний (церан цIераш а йохуш) бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай и мел... (хьалхарчу вирдехь санна чекхвер ву).

Устаза Iовдин Iелас, шен дас Iовдас а, цуьнан устаза Кишин Хьаьжас а санна, муридийн дехненах къинхетам бан лиьна вирд тIедиллина хиларна, муридаша устазан дена-нанна а (Iовдина, Жансуна) доккху хIокху вирда тIаьххье иштта вирд.

3-ГIА СУННАТ ВИРД

Дийнахь-бусий 100 «иза жаъа» доьшур ду, хьалха ворхIазза астагIфируллахI а олуш, (Моссазза доьшу бисмилла а олуш, дешна ваьлча, АллахIу Акбар а олуш).

Массарна а тIаьхьа ворхIазза Пайхамарна салават дуьллур ду. Мел иштта кхайкхор бу.

Айса хIинцца дешначу бIе «иза жаъан» мел, Везан Дела, Хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, Делера салам-маршалла хуьлда цунна, цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, цаьршинна юккъе баьхкинчу эвлаяашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара совгIат дай и мел цаьрга дIакхачабе Ахь...

4-ГIА СУННАТ ВИРД

АллахIу Акбар бохуш вирд ду. Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе, я дерриге а цхьаьна 500. Хьалха кхузза шахIадат далор ду, тIаккха Ааманту биллаахIи ва малааикатихIи ва кутубихIи ва русулихIи вал-йовмил аахири ва билкъадари хайрихIи ва шарихIи миналлаахIи таIаалаа боху дешнаш аьлла, эр ду: ас тоба ди, Далий, Пайхамарий хьарам дина хIума дарна дохковели со; Далий, Пайхамарий парз дина хIума дан тIеийци ас, сайн ницкъ ма-кхоччу.

Делан Вели… (цIеайоккхуш) сайн Устаз леци ас. ТIаккха ворхIазза астагIфируллахI эр ду. ТIаккха АллахIу Акбар аьлла долор ду, бIе кхочуш моссазза хуьлу эр ду: «АллахIу Акбар, ла аилаахIа иллаллаахIу валлаахIу Акбар». Дерриге а чекхдаьлча эр ду: «АллахIу Акбар кабиирав-валхьамду лиллаахIи хьамдан кесиирав-васубхьааналлаахIи букратав-ва асиилаа. ла аилаахIа иллаллахIу валлаахIу акбар». ТIаккха ворхIазза эр ду: «СубхьаналлаахIи валхьамду лиллаахIи ва лааилаахIа иллаллахIу валлахIу Акбар. Ва ла ахьавла ва лаа къуввата илла биллаахIил IалийиI Iазим». ТIаккха ворхIазза Пайхамарна салават дуьллур ду. Цуьнан мел кхайкхор бу, бисмилла а аьлла.

«Айса бIозза (я пхи бIозза) АллахIу Акбар аьлла динчу зикран мел, цуьнца динчу тасбихьзикран мел хьалха Дала вазвина ваийтинчу Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, Делера салам-маршалла хуьлда цунна, цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, Ибрахим-Пайхамарна бели ас, ИбрахIим-Пайхамарна тIера дуьйна схьа Мухьаммад-Пайхамарна тIекхаччалц Дала Элчаналла шайна делла бахкийтинчу пайхамаршна бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц элчанийн кога-метта хIиттина баьхкинчу эвлаяашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай, цуьнан мел цаьрга дIакхача бе Ахь...

5-ГIА СУННАТ ВИРД

АллахIу Акбар боху вирд ду. Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе, я дерриге пхи бIе цхьаьна гулдина дийр ду. Цунна хьалха ворхIазза астагIфируллахI эр ду. ХIора бIе чекх моссазза дели АллахIу Акбар, ла илаахIа иллаллаахIу валлаахIу Акбар. Дерриге а чекхдаьлча эр ду АллахIу Акбар кабиирав-валхьамду лиллаахIи хьамдан касиирав-ва субхьааналлаахIи букратав-ва асиилаа. Ла аилаахIа иллаллахIу валлаахIу акбар. ТIаккха ворхIазза субхьааналлаахIи валхьамду лиллахIи ва лаа илаахIа иллаллаахIу валлаахIу акбар ва лаа хьавла ва лаа къуввата илла биллаахIил-Iалиийил-Iазим. ВорхIазза Пайхамарна салават дуьллур ду. Мел иштта кхайкхор бу.

БисмиллаахIир-РахьмаанирРахьиим. Айса хIинцца АллахIу Акбар бохуш динчу пхеа бIе зикран мел, цуьнца динчу таспихь-зикран мел хьалха Дала вазвина ваийтинчу Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, Делера салам-маршалла хуьлда цунна, цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлаяашна бели ас, Делан дин лакхадаккха, Делан динан гIазот латтийначу, гIазотехь вийначу Делан Элчанан девешина Хьамзатана бели ас, цигара дуьйна хIокху сохьтталц Делан новкъахь гIазот латтийначу имамашна бели ас, цигара дуьйна хIокху сохьтталц Делан новкъахь гIазот динчу, гIазотехь байинчу гIазотхошна бели ас.

Веза-Воккха Дела соьгара совгIат дай и мел цаьрга дIакхачабе Ахь...

6-ГIА СУННАТ ВИРД

АллахIу боху вирд ду. ХIора дийнахь-бусий цхьацца бIе хIора ламазана тIе декъна, я пхи бIе цхьаьна гулдина дийр ду. Цунна хьалха ворхIазза астагIфируллахI эр ду, хIора бIе чекхдолуш АллахI ва лиллаахIил-хьамду эр ду, дерриге а чекхдаьлча ворхIазза эр ду лаа илаахIа иллаллаахIу вахьдахIу лаашариика лахIу лахIул-мулку ва лахIул-хьамду йухьйи ва йумииту бийадихIил-хайру ва хIува Iала кулли шайъин къадиирун. ТIаккха вархIазза Пайхамарна салават дуьллур ду. Мел иштта кхайкхор бу: Айса хIинцца АллахIу бохуш динчу бIе, (я пхи бIе) зикран мел, цуьнца динчу вукху зикран мел а, Везан Дела, Хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас. Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлаяашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай, и мел цаьрга дIакхачабе Ахь...

7-ГIА СУННАТ ВИРД

АллахI боху вирд ду. Дийнахь-бусий цхьацца бIе хIора ламазана тIаьхьа нисдина, я пхи бIе цхьаьна метта гулдина. Хьалха ворхIазза астагIфируллахI эр ду, хIора бIе чекх моссазза дели АллахI ва лиллаахIил хьамду эр ду. Дерриге а чекхдаьлча ворхIазза лаа илаахIа иллаллаахIу вахьдахIу лаа шариика лахIу лахIул-мулку ва лахIул-хьамду йухьйи ва йумииту бийадихIил-хайру ва хIува Iала кулли шайъин къадиир. ТIаккха ворхIазза Пайхамарна салават дуьллур ду. Цуьнан мел иштта кхайкхор бу: Айса хIинцца АллахI бохуш динчу бIе (я пхи бIе) зикран мел, цуьнца динчу вукху зикран мел а Хьан Элчанна Мухьаммад- Пайхамарна бели ас, цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлаяашна бели ас, Хизир-Пайхамарна, Iийса-Пайхамарна, Илес-Пайхамарна, Идрис-Пайхамарна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай и мел цаьрга дIакхачабе Ахь...

8-ГIА СУННАТ ВИРД

Дийнахь-бусий пхи эзар ла илаахIа иллаллаахIу бохуш долу зикар ду. ХIора ламазана тIаьхьа цхьацца эзар, я пхи эзар цхьаьна гулдина дийр ду, Цунна хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаккха кхузза салават дуьллур ду. Цуьнан мел иштта кхайкхор бу: БисмиллаахIиррахьмаани ррахьиими. Айса хIинцца ла илаахIа иллаллаахIу бохуш динчу эзар, (я пхи эзар) зикран мел, Веза Дела, хьалха Хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлаяашна бели ас, Делан Элчанан асхьабашна, Делан къайлах орцанан эвлаяашна бели ас, сайн Устаз а волуш, дуьненчуьра эхарта бирзинчу сайн устазан муридашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай, эшнарг метта хIоттабай, меттахIоьттинарг къобалбай, цунах мел бай и мел цаьрга дIакхачабе Ахь. Хьайгарчу къинхетаме, Элчанерчу шапаIате, устазерчу орцане, беркате, дикане со а, соьгахула со хьаштдерг а кхачаве Ахь аьлла, фатихьат доьшур ду.

* * *

Мескар-Эварчу Асаев Лечас дуьйцура:

– Iелассий, асий хIара вирдаш цхьана дийнахь яздина дац. Шен жимма а мукъа хан ма-еллинехь, Iелас соьга, ша волчу дIа а кхойкхий, коьртера дуьйна юхадоьшуьйтура – хьалха яздинарг толлуш дара цуьнан иза. Цо схьа а олуш, ас дIаяздора вирд. Иштта яздина ду хIара вирдаш. Сайн устазан лаам кхочушбеш, ас, лар а дина, Iелин муридашка дIакхачийра.

– Ас Iеле хаьттира, – элира Лечас, кхидIа а шен къамелехь: – Суна цхьа а эвлаяъ ца хаьа шен муридашна оццул доккха вирд тIедиллина. ХIара хIун вирд ду, маьIна хIун ду кхуьнан?

Iелас сан хаттарна иштта жоп делира:

– ХIора адамо дийнахь-бусий юккъерчу барамехь 24 эзарза садоIу. ХIокху вирдан 24 эзар хьаьрк ду. ХIара вирд доккхуш волу мурид, садаIаран барамехь къинош летош велахь а, Дала гечдийр ду цунна. Далла гергахь къинойх цIанвелла хир ву иза, ша дуьненчу волучу дийнахь санна, – дийцира Iелас.

ТIаккха тIетуьйхира:

– ХIокху харцдуьненахь летийначу къинойх а, дийлинчу Дела реза воцчу хIуманех а уьш Къематан дийнахь Iазапах ларбархьама ас хIара вирд сайн муридашна тIедуьллу, – аьлла.

Вирдех долу къамел дерзош Лечас элира:

– Iелас схьа а олуш, Iаьрбийн маттахь айса дIаяздина вирдаш ас теллира. Хила а хиллера оцу вирдийн, Iелас ма-аллара, 24 (ткъе диъ эзар) хьаьрк.

Iелин, Асаев Лечин къамел, Заурбеков Джунайда схьадеш, дIаяздина ду. Видеозапись авторехь йолуш ю. ХIара материал I99I-чу шеран I3-гIа номер йолчу «Исламан зIаьнарш» газет тIехь зорбатоьхна яра. Цул тIаьхьа, 2012 шарахь, № 1-2 (49-50) йолчу «Исламан з1аьнарш» журнала тIехь юха а зорбатоьхна.

Асаев Леча-Моллин йозанаш тIера схьаяздина Жимачу АтагIарчу Джунайдан кIанта, сан вашас Заурбеков Сайд-Ахьмада (Дела реза хуьлда цунна).

Заурбеков МасIуд

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

Верования арабов до пророчества Мухаммада

(да благословит его Аллах и приветствует)

Мубаракфури

(Продолжение. Начало в №7.2019 г.

ПРЕСЛЕДОВАНИЯ

Узнав о том, что ниспослано в Коране о ней и о её муже, она схватила горсть камней и явилась к месту молитвы Посланника Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, у Каабы, где он находился вместе с Абу Бакром, да будет доволен им Аллах. Однако, когда она остановилась перед ними, Аллах сделал так, что она увидела только Абу Бакра, да будет доволен им Аллах, и поэтому она сказала: "О Абу Бакр, где твой друг? Я узнала, что он высмеивает меня, и клянусь Аллахом, если бы я нашла его, то набила бы ему рот этими камнями! Клянусь Аллахом, я могу сказать и стихами!" – после чего произнесла следующее:

Не послушались мы порицаемого*,
и дело его отвергли,
и религию его возненавидели!

После этого она ушла, а Абу Бакр спросил: "О, Посланник Аллаха, не кажется ли тебе, что она видела тебя?" Он сказал: "Она не видела меня, ибо Аллах отвёл от меня её взор!" [Ибн Хишам, 1/335–336.]

Этот рассказ приводит и Абу Бакр аль-Баззар, который сообщает, что, остановившись рядом с Абу Бакром, да будет доволен им Аллах, она сказала: "Абу Бакр, твой друг высмеивает нас в стихах!" – на что он ответил: "Нет, клянусь Господом этого строения [Имеется в виду Кааба.], ведь он не говорит стихами!" – и тогда она сказала: "Поистине, ты (во всем) веришь (ему)!".

Так поступал Абу Ляхаб, являвшийся дядей и соседом Посланника Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, дом которого примыкал к его дому, и так же поступали другие соседи Посланника Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, наносившие ему обиды, когда он находился у себя дома.

Ибн Исхак пишет:

– К числу соседей Посланника Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, которые наносили ему обиды, когда он находился у себя дома, относились Абу Ляхаб, аль-Хакам бин Абу-ль-Ас бин Умайа, Укба бин Абу Му'айт, 'Ади бин Хамра ас-Сакафи и Ибн аль-Асда аль-Хазали, и никому из них впоследствии не удалось спастись, если не считать аль-Хакама бин Абу-ль-Аса [Имеется в виду отец Омеййадского халифа Марвана бин аль-Хакама.]. Один из них бросил ему на спину внутренности овцы, когда он молился, другой подбрасывал ему то же самое в котёл, когда его ставили перед ним, и в конце концов Пророк, да благословит его Аллах и приветствует, стал выбирать для своих молитв место за каким-нибудь камнем, чтобы как-то оградить себя от них. И когда они подбрасывали что-нибудь Посланнику Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует, он подцеплял подброшенное палкой, выходил с этим к воротам своего дома и говорил: "О, сыны 'Абд Манафа! Разве так поступают соседи?!" – после чего выбрасывал это в сторону дороги. [Ибн Хишам, 1/416]

Самым злосчастным и мерзким из них был 'Укба бин Абу Му'айт. Аль-Бухари приводит хадис, передаваемый со слов Абдуллаха бин Мас'уда, да будет доволен им Аллах, который сказал:

(Продолжение следует)

Перевод на русский язык:
кандидат философских наук
Владимир Абдулла НИРША

*[Так курайшиты называли Пророка, да благословит его Аллах и приветствует, имя которого на самом деле переводится как "хранимый".]

Хьехархо, хьох йозу тIаьхьенийн кхане…

Хьехархо, хьох йозу тIаьхьенийн кхане,
Некъ хьуна сийлахьниг белла.

(Сайдуллаев Хьасан)

Адаман оьмарехь ткъе итт шо кIеззиг хан яц. Оццул шерашкахь ишколехь болх бина хьехархо, суна хетарехь, къоман сийлалла ю. Ишттачарех ю тхан школехь нохчийн мотт, литература хьоьхуш йолу Мухьаддин ТIаус. Тхан массеран деган молха ду ТIаус. Іуьйрре тхаьш балха мадаьххкина, тхо дерриге ТIаус йолчу чу доьлху. Оцу чохь хуьлу тхан вовшийн гар, дистхилар. Доьзалехь хилла кхаъ я халахетар оха доькъу ТIаусца. Муьлххачунна дала хьекъал, дан гIо карадо цунна. ТIаус чIогIа оьзда, догцIена, комаьрша, хьекъал долуш стаг ю. Мухьаддин ТIаус боккхачу доьзалера схьаялла, ворхI ваша а, ши йиша а ду цуьнан. ТIаус ирс долуш стаг ю аьлла хета суна. ХIунда аьлча, доккха беркат долчу доьзалера ю иза. Ийман, Ислам долуш, нахаца база хууш, хьаналчух хьарамниг къастош, кхиийна шайн доьзал ТIаусан дас, нанас. И шиъ хIинца дуьненчохь дац (Дала гечдойла царна). ВорхI ваша хилар, иза йишина доккха дозалла ду, ворхI чIагIо ю, муьлххачу хенахь а орцаала. Шен доьзал а кхиийна ТIауса, тIехь да а воцуш, ийманчохь, нахана безаш, шена муьтIахь. ТIаус деа беран нана ю. Цуьнан кхо йоI нехан цIен тIехь ю, шайн доьзалш а болуш. Цхьаъ бен воцу кIант Іусман а ву шен жима доьзал а болуш, тхан юьртахь дика цIе йоккхуш. ТIаус дика хьехархо ю. Берашца болх бан, цаьрца юкъаметтиг тоян хууш. Цуьнан классехь хьалакхиъна бераш дешар дика хууш, гIиллакх-оьздангалла долуш, воккханиг лоруш, жимачун дола деш хуьлу. Иштта хьехархой чIогIа оьшуш бу таханалерчу дийнахь.

Хьехархочо берийн синош, амалш, цаьргахь диканиг кхиадо. Сийлахь а, жоьпалла доккха долуш а болх бу иза.

Оха даггара декъала йо хьо, берашна ахь хьоьху ткъе итт шо дузарца а, нохчийн меттан денца а!

Дала айхьа юьхьарлаьцначу некъа тIехь а, дахарехь а ирс, аьтту хуьлуш, безачеран вон ца гуш, могаш-маьрша дуккха а шерашкахь яхайойла хьо! Хьо йоккхаеш догIийла хьан дахарера хIора а де!

Цинцаева Макка,
Гуьмсан кIоштан
Ойсхараречу юкъарадешаран
ишколан хьехархо

Ненан мотт

Хьан къегарца малх бу сирла,
Хьан бекарца нур ма Iена.
Ненан мотт, хьан орам ларбеш,
Вайн маьрша дай хийла эгна.

Нанас маьрша ага техкош,
Зовкхе арахь ког а ловзош,
Баьхна хиллехь, ненан мотт, хьо,
Ахь тIам тесна хир бара мелла а.

Ирсе къам вай хилар кхайкхош,
Къоман маршонан дукъ такхо,
ХIинца санна, турпалхо хиллехь,
Кхин а сий хир дара, ненан мотт хьан.

Иллега болий, денбала гIуртуш,
ТIе ког буьллий, лаг хьан Іовдуш,
Ненан мотт, хьо къиза хьийзош,
ДIа ма ихна бIеннаш шераш.

ХIинца зовкхе баьлла-кх хьо!
ТIамарш тесна маьрша баьлла!
Иза айар къомана делла,
Цундела хьан сий айделла!

Гагаева ТIаус,
Нохчийн меттан хьехархо.
Гуьмсан кIоштан
Ойсхара-Юрт

Нохчийн мотт – сан дозалла

…Іаламан хазалла даггара айарца, шовданийн цIеналла дош хоржуш хесторца, цIеначу даггара жовхIарийн хIонс Іеношш, бекалахь ненан мотт, даима машаре.

Ненан маттах лаьцна долу хIара могIанаш дIадоло лаьа суна Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочунна Кадыров Ахьмад-Хьажин кIантана Рамзанна доккха баркалла аларца. ХIунда аьлча, шен къомах дог лозуш, къоман гIиллакх-оьздангалла шен тIамарх йоьлла, къоман мотт, кхерч, яхь, юьхь, доьналла лардеш, къам нийсачу новкъа доккхуш, и вуьззина шен къоман кIант а, турпалхо а хиларна.

Ахьмад-Хьаьжин кIант Рамзан-Хьаьжа куьйгалле валлалц цкъа а дина дац вайн къоман сий, меттан сий, нанойн, зударийн сий,. Сан нанас сих-сиха дуьйцу суна: «Ма чIогIа сий-ларам бина-кх хIинца нохчийн меттан. Хьалха, тхо кегий долуш, хийла сатуьйсура ас нохчийн эшарш, иллеш хазаре, наггахь бен ца хуьлура нохчийн маттахь передачаш».

Нохчийн Республикехь хаза ламаст хилла схьадогIуш ду 25-чу апрелехь нохчийн меттан Де даздар. Оцу дийно массо шира хIума карладоккху: нохчийн шира кхача, дайн гIиллакх-оьздангалла, духар, дахар.

Ненан, зудчун сий дечу махкахь бен хир дац низам, ийманберкат. Дала ша адам кхуллуш мотт ца хууш кхуллу. Ненера Іема берана мотт, гIиллакх, оьздангалла. Цундела дусту вай дерриге а ненаца. Матто гIала йо, матто гIала йоха а йо, матто барт бо, матто барт эгIа бо.

Сайн нененанас дийцина хIара шира дийцар даима дагахь лаьтта суна. «Цхьана кIантана цхьа йоI чIогIа езаелла хилла. Оцу кIентан доттагI оцу йоIана реза ца хилла. ДоттагIчо аьлла оцу кIанте:«Хьуна езаеллачу йоьIан нана дика ца юьйцу наха. Воло, тахана хи тIе а кхайкхина къасто деза вайшимма иза, зен еза вайшиммо и йоI». КIанта реза хилла хитIе кхайкхина йоI. Хаза лерина кечвелла хин коьрте вахана ши доттагI. ЙоI а схьакхаьчна, йоI хуьлу, дикачу ненан дика йоI хуьлу» – олу вайн дайша, и чIогIа нийса ду. Нанас йоI кхио еза вайн ламасташ, гIиллакх-оьздангалла девзаш, шен доьзалан хьакъйолу нана хила, ша яханчу цIийнан сий дан. Цундела тийжа сан ойла Юсупов Іазима яздинчу хIокху могIанашна тIе:

«Аганан иллица
со вижош, нана.
Вайн матте сан марзо
кхиийра ахь.
ТIахьарчу тIаьхьено
хестабеш кхана,
Хьомсара, нохчийн мотт,
хьо бахалахь!»

Ненан мотт – нохчийн къоман са, аз, тIум ю! Вайн нохчийн меттан хазаллех лаьцна оьрсийн яздархоша Л. Толстойс,

П. Услара хастаме дукха дешнаш аьлла: «Нохчийн мотт чIогIа къен хетар даржош берш цунах цхьана а кепара кхеташ боцу нах бу. мотт, шен гIоьнца адаман ойланан уггаре а кIоргера агIонаш йийца лур хеза: «Дала доссийначу Къуръана чохь уггар хьалхара дош «Деша» бохург ду. Бусалба Іилма делахь а, дуьненан Іилма делахь а – муьлхха а Іилма Іамор деза ду. Дахаран хьелаш тодарехь эшна ца Іаш, бусалба нахана фарз дина тIедиллина ду Іилма Іамор, дешар, шайн говзалла кхиор…». Оцо гойту мотт шуьйра тIемаш даржийна, дуьне хаздина, марздина бехаш хилар. Нохчийчохь тIом болчу хенахь чIогIа гIайгIане дара вайн халкъ. Моьттура цкъа а и тIом соцур бац. Хезаш яцара нохчийн хаза,зевне эшарш, иллеш, тIам хецна хелхаран шовкъехь хьийза нохчийн йоI, кIант. Моьттура и цкъа а юха ган йиш йоцуш, вайн дахарера дIадайна. И тIом дагалоцуш, хийла бIаьрхиш лешадо вайн наноша. Сан нанас дуьйцуш хезна цхьа дийцар даима дагахь лаьтта суна. Оцу дийцаро гойту нохчийн халкъо цкъа а Делан диканах дог диллина цахилар, нохчийн халкъан тIамарх махкахь делкъе а йина, цIа ван, базарара машенаш тIе схьавеана. Ойсхарара машенаш йогIучу социйлехь Іаш хилла хIара шиъ. Цхьана хенахь, магнитофоначухула мохь тоьхнна Расаев Хьусайне илли а олуьйтуш йогIуш цхьа машен хилла. Ведда тIе ваханчу ТIокказа сацийна и машен. Оцу машенчуьра схьахеза Даймахках лаьцна долчу иллега ла а дугIуш, мохь тухуш вилхина и къано.

Шен дог, бIаьрг Іаббалц велха а вилхина, юха аьлла ТIокказа: «ХIай кIант! Нохчийн хелхаран йиш юй хьан?». «Дера ю» – аьлла кIанта. «ДIа тIейиллал хелхаран йиш, дIасахилал нах!» – аьлла нах дIа а хилийна, го тесна, шеца цхьа хаза йоI йоккхуш, хIотталц хелхаваьлла ТIокказ. ТIаккха элира боху ТIокказа: «ХIинца дIаяйа, хьайна лаахь, йиш. Бакъ дац мостагIашна моьттург, эшалур дац цаьрга нохчийн къам, екхар ю, Дала мукъ лахь, Нохчийчоьнан стигал», – аьлла къаночо. Оцо гойту нохчийн къам цкъа а лийриг, къарлург цахилар, шайн мотт, Даймохк, къоман культура даимана цара ларйийриг хилар, шена тIе мел хало хIоттарх дIатосург цахилар.

Лаа ма ца аьлла Кадыров Ахьмад-Хьаьжас, Дала гIазот къобалдойла цуьнан, хIара дешнаш: «Сан герз – иза бакъ дош ду, оцу герзаца ас муьлхха а мостагI эшор ву». Иза тешна вара, вайн халкъ маьрша дехарг хиларх. «Нохчийн къам дийна хиларан мокхазан чIагIо ю нохчийн мотт», - аьлла цо.

Нохчийн къоман баьччано Кадыров Ахьмад-Хьаьжас шен садIаделла вайна стигал серлалийта, вай дуьненан ялсаманехь дахийта. Дала мукъ лахь, дехар а ду вай, цуьнан весет ца дохош. Ненан мотт, Даймохк, дайн кхерч ларбеш.

Хестабеш турпалхой,
емалбеш мостагIий,
ГIиллакхе хиларца,
мотт мерза бийцарца,
Бекалахь, ненан мотт,
къонахийн некъ хилла,
Харцонна пен хилла,
дош онда далорца.

Вевзаш волчу Хабаев ИсмаьIала ишттa дешнаш аьлла нохчийн маттах:

Нохчийн мотт – дош ду хьуна, дуьненан дахарехь дуьхьара хьуна хьайн ненера хезна, хьо хьистина, хьуна дика а, вон а довзийтина!

Нохчийн мотт маслаIат ду хьуна, машар бу хьуна!

Нохчийн мотт – гIиллакх ду хьуна, марзо ю хьуна хьуо велла дIаваллалц нехан диканехь, вуонехь латтар хьуна тIе а дожош, хьо нахах вазош!

Нохчийн мотт тоьшалла ду хьуна, кадам бу хьуна, хьо дIаваьллачу дийнахь хьан тезетахь хьуна наха бийр болу!

Нохчийн мотт – хьан сий ду хьуна, ахь лардахь – ларвеш, ца лардахь – сийсазвеш!

Нохчийн мотт доIа-весет ду хьуна, хьан дайша хьоьга дина, дитина.

Нохчийн меттан хIора дош хьох тешна а ду хьуна!

Яздархочо Сатуев Хьусайна а аьлла:

«Хьомечу ненан мотт,
Дайх дисна иллеш,
ГIиллакхийн хазалла,
Хелхарийн алу –
БIешерийн некъаш тIехь
Мел дина хилларш,
Ха хоьрцуш йогIучу
Заманца дало
Ницкъ ло тхан дегнашна,
Вина мохк, нана!»

Вешан дай санна, нохчий хилла диса дезаш ду вай а. Вайн наноша уьншерийн оьмарера таханалерачу дийне кхачалц, кхиош хилла къонахий кхиоран рагI, вайна тIекхаьчна. И къонахий кхио беза: аганан илли нохчийн маттахь олуш, туьйра нанас шен аьхначу маттахь дуьйцуш, ворхIедайшкара схьабогIуш шен орам а, шен бух а, шен мотт а болуш хила веза стаг. ТIаккха иза цуьнан лазамех а, цуьнан кхиамех а, цуьнан гIиллакхех а кхетар ву. ТIаккха цуьнан гIийлачух хета къа а, мискачух лаза дог а хир ду. ТIаккха цуьнгахь адамалла а хир ю. Нагахь и шен маттах хаьдда велахь, цуьнан къам дац, цуьнан мохк а бац. Цуьнгахь шен халкъан гIиллакхаш, гIуллакхаш, шен къоман ламасташ дац. Иза шен ирсах, шен иэсах хаьдда, цхьалха ву.

Ненан мотт – адамийн дахаран рузба.

Ненан мотт – яхь йолчу
нохчийн доьналла.
Ненан мотт – барт болчу
къоман дозалла.
Ненан мотт – сийлахьчу вайн
къоман сийлалла.
Хьо буьйцуш эгна
яхь йолу дай, дедай,
Хьо буьйцуш балхийна
наноша баланаш,
Сирлачу кханене
тийсарца мерза са
Даьхна нохчийн къам
нохчаллех ца духуш.

Элиханова Раяна,
Гуьмсан кIоштан
Ойсхараречу юкъарадешаран ишколан 9-чу классан дешархо

Зорбане кеч а йина,
редакце схьаелла хьехархочо
Гагаева ТIауса

НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕННА ПЕРИНА

ИШКОПЕХЬ ЯЗЙИНА СОЧИНЕНИ

Цкъа а сайна гина йоцчу ненах...

Суна сайн нана суьрташ тIехь бен гина яц. Суна суо муха кхиъна ца хаьа нана йоцуш. «Ва-мама! Ва нана!» олу хезча, шийла ша буьллу сан кийра, сан хиллий-те цкъа а нана олий. Ма йойла-кха и ас ен ойла цхьана йоIа а, кIанта а.

200I-чу шарахь Нохчийчохь хиллачу тIамо дIаяьхьна сан хаза, жима нана. Сан ши бутт бен ца хилла сайн нана лечу хенахь. Къематан де хилла иза суна а, массо нохчочунна а.

ТIеетта бомбанаш, хоьхку кеманаш, снарядех юьзна, салтех юьзна урамашкахула дIасахоьхку танкаш. Тхан доьзал оцу хенахь ларми чу дIалечкъина хилла. ГIовгIанех кхераелла, со йоьлхуш, туьйш ца хилла. Сан нана, сан денанас со меца йолуш йоьлху моьттуш, суна шиша дан яхийтина хиллера. Сан нана чIогIа кхоьруш хилла оцу салтех, танкех. «Со кхоьру, танкаш дIаяххалц собарде», – аьлла хиллера цо. Со кхин тен а ца тийна, сихха араиккхина хиллера иза, суна шиша кечдан. ЦIеххьана керта лилхинчу салташа автомат тоьхна, холодильника тIе кхевддинчохь йийна хиллера иза. «Сайна хиндерг хиънехь, ма йилхина хир яцара со». Оцу дийнахь ялх стаг вийнера цара тхан юьртара. Оцу байинчу нахана юккъехь хиллера мотт ца хууш волу сан ненаваша. Сослан яра цуьнан цIе, мойкехь болх беш хиллера иза.

Сан ненахой тхан дехошна гена боццуш Iаш бу. Салтий, шаьш дийриг дина, дIабахча, массо а стаг Iадийча санна, шайн-шайн гергарнаш мичахь бу хьовса бахана хиллера. Мойкехь, герз диттина, охьатесна, карийнера сан ненаваша. Велла, шен кIант цIа валийча, йоьлхуш, йоьхна хьийзаш хиллера сан ненанана. Цо сих-сиха олуш хиллера: «Залина, цхьамма гIой сан йоI цIаялаяйша, хаийтийша цунна вайна хилларг». Сан ненанана йоццунна, массарна хууш хиллера сан нана йиний.

Делкъанна, дайинчу адамийн декъий, дIадохка кечбелла Iаш хиллера юьртахой, массо зуда, стаг воьлхуш хилла.

Кечдина, сан ненан дакъа барамахь керта деача, чIогIа йоьхна, хиллачух ца кхеташ хьийзаш хиллера сан ненанана, хиллачух ша кхетча, дог кIадделла, охьайоьжна хиллера. Оцу дийнахь вийнера цара бехк-гуьнахь доцу Дулаев Кота, ши ваша - Орзимов Хизир, Орзимов Идрис, Ярмалатов Хас-Мохьмад, сан нана Бисултанова Залина, сан ненаваша Бисултанов Сослан. Дала гIазот къобалдойла церан! Белхарх, халчуIиттарх, бала ца бела, дийна бисина церан гергарнаш, юьртахой. Тезет дIадирзинчул тIаьхьа сан ненадас, ненананас со шайга схьаялийна хиллера.

Шаьшиннан шина берах бисина жима безам, деган Iийжам олий, сих-сиха йоьлху сан ненанана. Делахь а, Дела дика ву. Ша деллачу диканна-вонна тоха са ло цо. Мел хала делахь а, висинарг ца Iийча а, ца лелча а ца волий, дIалела хIокху дуьненчохь. Дала собар ло, хено сатоха Iамаво.

Сан ненанана сан шолгIа нана хилла дIахIоьттина сунна. Йинарг цхьаъ бен ящахь а, кхаьбнарг а ма ю нана. Суна луург дан гIерташ, соьга дика дешийта гIерташ, шен могашалле ца хьоьжуш, даге ца хьоьжуш, даима суна тIаьхьа яьлла ю иза.

«Дала цхьа дика доцуш вон ца ло-кх». Дала ненан вон ма гойтийла цхьанна а! Дала кхин тIом ма гойтийла вайн халкъана! Дуьненчохь мел долу хIума дIалур дара ас, дийна йолуш, сайн нана цкъа бIаьрга гург. Сан дехар ду шуьга, сан хьоме нийсаркхой: йолччара къовлалаш шайн нана маара, йолччара хьасталаш ненан дог. Нана ялсаманера стом бу шуна, нана дахаран ирс ду шуна. Ишколехь цхьа мероприяти хилла, берийн наной баьккича, цхьа тамашийна тохало шуна сан жима дог. Шун нанойн бIаьргаш чохь лоьху шуна ас сайн ненан бIаьргаш, сайн ненан юьхь-сибат.

Магамаева Марха,
Гуьмсан кIоштан Ойсхарарчу
юкъарадешаран ишколан
9-гIа классан дешархо.
Редакце яйтина нохчийн меттан хьехархочо Гагаева ТIауса.

Ненан мотт – къоман хазна

Хастам бу-кх вай кхоьллинчу Далла, дуьнен тIехь мел долу хIума шен низам долуш кхоьллинчу. Хастам бу вайн Далла бусалба динехь,

оьздачу гIиллакхехь Дела цхьаъ веш, Элча бакъвеш кхолларна. Хастам бу Хьуна, тхо кхоьллина Дела, акхаройх къасто адамашна хьекъал, кхетам къасттина вовшашца бийца мотт беллачу.

Маттаца доьзна ду дуьненчохь мел долу хIума. Матто гIала йо, матто гIала йохайо, матто барт бо, матто барт бохабо. «Хазачу хабаро

Iуьргара лаьхьа баькккина» – олуш цхьа кица ду нохчийн. Мотт бийцаран гIиллакхца доьзна ду-кх, доцца аьлча, массо а хIума. Дов дерзош, мотт буьйцу, захало деш, мотт буьйцу, барт беш, маслаIат деш буьйцу мотт. Массо а хIуманна оьшу бийца мотт. Милла а ца вуьгу мотт бийца – маттана говза, оьзда вериг къаставо юьртахь, махкахь.

Дала Ша адам кхуллуш, мотт ца хууш кхуллу. Ненера Iема берана мотт. Шен берриге а ницкъ тIебохуьйту нанас шен бер гIиллакхе, оьзда

кхиош. Цундела олу цунах ненан мотт шовда санна цIена бу, нанас Iамош болу дела. Шен къам дезарца, шен мохк, ненан мотт безарца гучуболу нене болу безам: «Нана цалийринарг, махко а лийрина вац», и нийса а ду. Ненера схьадолуш ду мел долу дика хIума. Ялсамани ненан когаш кIел ю олуш ду.

Суна дуьйцуш хезна: «Шен къанъелла, кIелйисина нана ги а йоьллина, ХьаьжцIа вахана хилла боху цхьа къонаха. Ша дIакхаьчча, цо аьлла

хиллера цхьана эвлаяэ: «Сайн нана ги а йоьллина, гIаш ХьаьжцIа веана-кх со. Ненан хьокъалара ваьллий со? ». Эвлаяа аьлла боху оцу къонахчуьнга: «Хьайн нанас хьо кийрахь волуш тоьхначу цхьана лазаран меха а дац ахь динарг». Ма дукха баланаш лов нанас доьзал бахьана долуш. Массо а заманчохь, къаьсттина, вайн нохчийн наной, къонахий хилла чекхбийлина. Шайн яхь дIа ца яла шайн синош, шайн доьзалийн синош дIаделла наной дукха бу нохчийн махкахь. Дала могаш-маьрша, ирсе бахабойла вайн сийлахь наной! Дала кхин цкъа а тIеман бала ма гойтийла вайн наношна.

Даймехкан сий делаш, ларалаш, безалаш. Шаьш дина нанойн санна, тIаккха шун ирс цкъа а довр дац шуна. Дехийла вай вешан махкахь наной безаш, хестош, уьш белош, церан ирс дайна де ма гойла вайна цкъа а! Дала и нана санна, Даймохк, ненан мотт лара, хесто ницкъ ма эшабойла вайн.

ТIаккха вайн къам эшо ницкъ кхочур бацара цхьаьннан а!

Черуханова Айшат,
Гуьмсан кIоштан
Ойсхарарчу юкъарадешаран ишколан 8-чу классан дешархо.
Редакце яйтина нохчийн меттан хьехархочо Гагаева ТIауса

Вопросы и ответы по Шариату



Можно ли развешивать картины с надписями из Священного Корана?

Сегодня богословы разнятся во мнениях насчет данного вопроса. Одни считают это нежелательными действиями, так как если такие надписи сорвутся на пол или люди позволят себе греховные поступки в таких помещениях, при этом соблюдая неуважительное отношение. Но другие богословы разрешают, так как речь идет о любви, поминании и довольства Всевышнего Аллаха. И поэтому при должном почитании и соблюдении правил хранении подобных надписей развешивать или ставить позволительно.

Муж проклинает жену, разве это допустимо?

Сам Посланник Аллаха (мир ему и благословение Аллаха) всегда старался избегать проклятий в чей-либо адрес, говоря, что он является Пророком милости, а не проклятия. И никогда не позволял себе гневаться, говорить плохие и непристойные вещи. Один из признаков Судного дня – это насылаемые проклятия, непристойные формы общения, пошлость. Поэтому в священных преданиях, что если муж проклинает жену, оскорбляя тем самым ее отца и мать, она имеет право подать в шариатский суд на развод. Муж должен знать, оскорбляя родителей жены проклятиями, что он соглашается на подобное отношение и по отношению к своей сестре. Поэтому человеку не следует себя так вести, нужно остерегаться всеми силами от сквернословия.

Нужно ли надевать носки женщинам при совершении намаза?

Женщинам следует прикрывать ступни при совершении намаза. Нужно надевать длинное платье или непрозрачные носки, поскольку это является ауратом.

Запрещены ли в Исламе детские игрушки?

Согласно мнению большинства ученых, шариат запрещает изображения одушевленных существ. Однако разрешаются игрушки, в которых нет выразительных очертаний живого существа. Дозволенность подобных игрушек основана на хадисе, рассказанном Айшей (да будет доволен ею Аллах), которая сообщает, что у нее были игрушки в виде лошадей с крыльями, и Посланник Аллаха (Да благословит его Аллах и приветствует) не запрещал ей играть с ними.

На вопросы отвечал – доцент кафедры Исламского права РИУ им. Кунта-Хаджи, кандидат шариатских наук шейх Асвад Хареханов
Подготовил к печати З. Бахаев

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

Матто беш болу бохамаш

БисмиллахIиррохьманиррохьим

Солихьан кIант Абу Хьузайфан Iамр

(ТIаьхье. Юьхь еша № 7. 2019 ш.)

ГIИЙБАТО БЕШ БОЛУ БОХАМАШ

• ГIийбат диначунна жоьжахатин цIергахь Iазап лур ду, боьха хьожа йолу хIуманаш цунна яа а еш.

• АллахIера Iазап кхочур ду цуьнга, иза кошахь а волуш.

• Цуьнан ийманан нур, Исламан билгалонаш дIаевр ю.

• Цо гIийбат динарг къинтIераваллалц, цунна гечдийр дац.

• ГIийбат – хIума йохош лом ду, кIелхьараволуьйтур воцуш вуон ду.

• ГIийбат – адамашна юкъа дов тосуш, церан барт бохош зулам ду.

• ГIийбат – бусалба нахана юкъахь йолу уьйр-безам хадош цамгар ю.

• ГIийбат – билгало ю, гIийбат дечун сийсазалла, оьзда вацар гойтуш йолу.

ГIИЙБАТАХ МАГОШ ДЕРГ ДУЬЙЦУ ДАКЪА

Хьо хууш хилалахь, шарIо шена тIе тидам бахийтина, ша билгалдар лоьхуш долчу хIуманехь гIийбат магадо, нагахь цуьнца бен иза билгалдар тарлуш дацахь. Цуьнан ялх бахьана ду:

1) Шена дина долу зулам далхадар. Шена дина зулам паччахье, я къедане, я и шиъ санна волчуьнга далхо мегаш ду, цаьрга нийсонца кхизл яйтаран дуьхьа, хьенеха хIокху кепара зулам дина суна, аьлла.

2) ШарIехь мегаш доцург сацадарна а, Iеса ваьлларг нийсонна тIеверзорна а тIехь гIо лаха мегаш ду. Оцу балха тIехь ницкъ кхочуш волчуьнга ала мегар ду, хьенех хIокху кепара вуон хIума деш ву, иза сацавахьара ахь, аьлла. ШарIехь мегаш доцург дIадаккхарна некъ лохуш ниййат хила деза цуьнан, иштта ниййат ца хилча хьарам ду иза вийцар.

3) Нийса жоп лахар. Жоп луш волчуьнга (къедане) ала мегар ду: сан дас, я вашас, я хIусамдас, я хьенеха хIокху кепара зулам дина суна, цуьнан бакъо юй иза дан? Оцу балхах хьалхавала хIун некъ бу суна? Бакъду, гIоле дерг цо алар ду: ахь хIун эр дара хIокху кепара хIума деш волчу стагах, я зудчух, я адамах лаьцна? Ша вуьйцуш верг билгал а ца воккхуш, шена дезаш долу жоп хуьлу цунна, иза билгалваккхар магош делахь а.

4) Бусалба нах вуочу хIуманах ларбар, царна хьехам бар. Цуьнан дуккха а агIонаш ю:

• Харцо юьйцуш, я харц тоьшалла деш берш нахала бахар мегаш хиларна тIехь, царна новкъарло яр важиб хиларна тIехь бусалба нехан цхьабарт бу.

• Зуда ялош я цхьана хIуманан декъа воьдуш, я балха хIуттуш, я лула вогIуш волчуьнца дагавалар мегаш ду. Иза шех дагаволуш волчунна важиб ду, долуш долу хьал цунах хьул ца дарн, хьехам баран нийатца цунна и довзийтар.

• ШарIехь нисвелларг Iесачу стагана тIе а воьдуш, цуьнца Iилма Iамош шена гича, иза шарIан некъах тиларна ша кхоьруш волчунна тIехь декхар ду цунна хьехам бар, долуш долу хьал цунна довзийтар. ХIокху балха тIехь цкъацкъа гIалатвалар нислуш ду. Хьехам беш волчо хьагI лаьцна хила тарло, шайтIано иза Iехийна хила тарло, тIаккха цунна ша беш берг дика болх бу моьттуш. Оцу тIехь само йойла цо.

• Цхьана балхана тIехIоттийна верг оцу балхана говза ца хиларна, я Iеса хиларна, я мало еш хиларна кхачам боллуш болх балуш вацахь, цунна тIехIоьттина волчу хьакаме и хьал дийцар важиб ду, цуьнга мегаш волу стаг тIехIоттаварца и хьал тодайтархьама.

5) Шегара Iесалла хьулъеш воцург (къаьркъа маларца, нахера даьхни схьадаккхарца, даьхнина тIера ца йогIу ял яккхарца, динехь ца догIург лелодарца а) вийца мегар ду, цуьнгара дуьйлуш долу Iеса хIуманаш билгал а дохуш. Амма цуьнан кхийолу ледарлонаш йийцар хьарам ду.

6) Адам довзийтар. Нахана юкъахь алсам йоккхуш йолчу цIарца адам девзаш хилча (бIаьрса гIийла дерг, астагIа верг, къора верг, бIаьрзе верг, аьлла), иза вовзийта мегар ду оцу кепара цIе яккхарца. Бакъду, цуьнгахь эшам бу аьлла, иштта цIе яккхар хьарам ду. Амма цуьнан сакхт ца хьахош иза вовзийта аьтто белахь, иза гуттар а дина ду.

Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, цхьана стага Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIекхача пурба дийхира, аьлла. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Пурба ло цунна, ма вуочу тайпанан кIант ву иза». И стаг чувеача, цуьнга кIеда-мерза вистхилира иза. Иза дIавахча оха элира: «Вуочу тайпанан кIант ву аьлла, цул тIахьа цуьнца кIеда-мерза ма хили хьо?» Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «ХIай Iаишат, къематан-дийнахь АллахIана гергахь уггар вуочу меттигехь хин верг наха дIатеснарг ву, цуьнан вуонах кхийрина». Бухари.

Асламан кIанта Зайда (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Баккъал а, шен Iесалла гучу ца йоккхуш волчунна тIаьхьашха олуш дерг – гIийбат дар ду». (Иза шен Iесалла хьулйина Iаш мел ву, хьанал дац иза вийцар). Имам СуютIи.

ИбрахIим бохучу Iеламстага аьлла: «Кхо стаг ву, царна олуш дерг гIийбатах ца лоруш: харцо лелош волу имам; динехь хилла боцу, шегара керла белхаш юкъабохуш волу стаг; шегара Iесалла хьул ца еш волу Iеса стаг». Имам СуютIи.

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Хьуна а, Iесачу стагана а юкъехь дихкина хIумма а дац». Имам СуютIи.

Юха а аьлла цо: «Динехь керла белхаш юкъабохуш волчунна аьлларг гIийбат дац». Имам СуютIи.

ИбрахIима элира аьлла, дийцина: «Цара гIийбат ца лорура, шаьш вуьйцучун цIе яьккхина мел йоцу».

ТIорIифан кIанта Солтас дийцина, Хьасане (Дела реза хуьлда цунна) ша хаьттира, аьлла: «Шен Iесалла гучуйоккхуш волу стаг ас хьахийча, цуьнгахь долу хьал а дуьйцуш, иза гIийбат дуй?» Цо жоп делира: «ГIийбат дац, я сийлалла яц».

Къатадата дийцина, Iумара (Дела реза хуьлда цунна) элира, аьлла: «АллахIана Iеса волчу стагана хьурмат (сий) дац».

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Кхо стаг ву, царна аьлларг гIийбат ца хуьлуш: шен дегIан лаамашна тIаьхьаваьлла лелаш верг; шегара Iесалла хьул ца еш гIараваьлларг; нийсо ца еш волу имам». Имам СуютIи.

Къудáматан кIанта Зáидата дийцина, МуIтамиран кIанте Мансуре хаьттира ша, аьлла: «Хьо марха кхобуш волчу хенахь, паччахьо халахетар диний хьуна?» Цо жоп делира: «Ца дегIан лаамашна тIаьхьабевлла лелаш болчара халахетар диний хьуна тIаккха?» Цо жоп делира: «Дина», - аьлла. Абу НуIайм.

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Стаг Iеса хилар гучудаьлча, цунна олуш дерг гIийбат ца хуьлу».

БУСАЛБА СТАГ ШЕН ВЕШИН СИЙ ДАЙАРХ САЦАВАР

Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шен (бусалба) вешина гIийбат дарх цхьаъ сацийнарг, жоьжахатин цIарах хьалхавита АллахIа Шена тIелаьцна». Тирмизи.

ІабдуллахIан кIанта Джабира, Абу ТIалхьата (Дела реза хуьлда царна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Бусалба стаг гIо ца деш вуьтур ма вац цхьаммо а, иза бехвеш, цуьнан сий дойучу меттехь, цунна гIо оьшучу меттехь АллахIа гIо ца деш иза вуьтуш а бен. Бусалба стагана гIо дийр ма дац цхьаммо а, иза бехвеш, цуьнан сий дойучу меттехь, цунна гIо оьшучу меттехь АллахIа цунна гIо деш а бен». Абу Давуд.

Ма́ликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шена уллехь цхьамма шен бусалба вешина гIийбат деш, цунна гIо дан аьтто а болуш, гIо ца деш Iийначунна АллахI тIекхуьур ву (иза юьхьIаьржахIоттаварца) дуьненахь а, эхартахь а». Iабдуррозакъ.

ІабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьлла: «Шена генахь волчу бусалба вешина гIо дичунна, АллахIа гIо дийр ду дуьнен чохь, эхартахь а». Хьафиз Мунзири.

(ТIаьхье хир ю)

Гочдинарг –
Магамедов Сулиман.

Продолжается подписка на газету «Исламан зIаьнарш»!
Двадцать восемь лет прошло с тех пор, как вышел первый номер религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш».
На ее страницах публикуются проповеди, газета рассказывает об основах религии Ислам, о жизни святых авлийа, о наших прекрасных обычаях и традициях... Также читатель может узнать о достойных, благородных поступках и жестах наших соотечественников. У каждого из нас есть возможность подружиться с этой газетой, задать редколлегии вопросы, посоветоваться, рассказать о наболевшем...
Пишите в газету «Исламан зIаьнарш», подписывайтесь на газету «Исламан зIаьнарш»! Цена на подписку: на полугодие – 360 рублей, на год – 720 рублей.

ЗОРИ ИСЛАМА
Республиканская религиозно-просветительская газета «Исламан зIаьнарш»

Основатель газеты
Масуд Заурбеков

Главный редактор
Магомед Заурбеков

Учредитель: Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации
Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.
Адрес редакции: 364014, г. Грозный, ул. Н. Назарбаева, 92
Телефон: 8-928-088-85-50
E-mail: zori-islama@mail.ru
Сайт редакции: www. zori-islama.com
Индекс газеты: 54 928

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года.
Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110
Рукописи принимаются редакцией в первом и втором экземплярах, а также на электронном носителе. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Мнение редакции может не совпадать с мнением автора.

Куратор газеты
Хож-Ахмад-Хаджи Кадыров

Редколлегия:
М.М. Заурбеков – главный редактор
С.М. Межиев – муфтий ЧР
Х-А.Д. Кадыров – председатель Совета Алимов республик СКФО
М.Д. Заурбеков, С.Б. Муртазаев, Л.Л. Арсалиева

Газета выходит 2 раза месяц по четвергам на русском и чеченском языках.
Тираж – 3000 экз.
Дата выхода в свет: 24.04.2019 г. 17:00.
Передано в печать: 24 .04.2019 г. 15:00.
Заказ №
Газета отпечатана в типографии издательства ООО «Плаза»
Адрес: 357748, г. Кисловодск, ул.Седлогорская, 161
Цена договорная

0+